

Pèmision/Otorizasyon pou Ale nan yon Jou Pwomnad

Yo mande pou w bay pèmision pou pitit ou (elèv la) ale nan yon pwomnad k ap dire yonsèl jou. Pou bay pèmision pou l ale nan pwomnad sa a, konplete seksyon enfòmasyon ki nan Seksyon II a. Ranpli Fòm Pèmision pou Pwomnad yon jou a, epi voye li bay pwofesè ki gen non li ekri pi ba a ak paman* si genyen yon frè pou sa. Si w pa ranpli epi retounen Fòm pèmision sa a, pitit ou a p ap kapab ale nan pwomnad la. Ni paran/responsab la (yo), ni elèv la dwe siyen si l gen plis pase 18 an. Toude paran yo dwe siyen si li posib.

SEKSYON 1 - ENFÒMAYON SOU PWOMNAD LA

Non Lekòl la		Kontak Lekòl la		# Telefòn Kontak Lekòl la	
Non Pwofesè a		Klas			
Dat Depa	Lè Depa <input type="checkbox"/> A.M <input type="checkbox"/> P.M.	Dat Retou	Apreprè Lè y ap Retounen <input type="checkbox"/> A.M <input type="checkbox"/> P.M.	Pri pou chak elèv*	
Destinasyon		<input type="checkbox"/> Nan Rejyon an	<input type="checkbox"/> Andeyò Rejyon an	Kantite Siveyan Gason <input type="checkbox"/> Fi <input type="checkbox"/>	Chofè a (yo) <input type="checkbox"/> Adilt <input type="checkbox"/> Elèv la
Mwayen(s) Transpò (Tcheke tout sa ki aplikab) <input type="checkbox"/> Otobis Lekòl <input type="checkbox"/> Bis Lekòl SemiPrive <input type="checkbox"/> Ap Mache <input type="checkbox"/> Machin Prive*** <input type="checkbox"/> Lòt <i>espesifye</i> _____					
Objektif Pwomnad la					
Deskripsyon Sipèvizyon nan Pwomnad la +					

Ajoute nenpòt paj, si l nesèsè, enkli nenpòt règleman ki apwopriye nan Plan IEP oswa 504 elèv la.

* Pa gen okenn pinisyon y ap bay yon elèv poutèt li pa peye pou pwomnad la. Yo pa dwe anpeche yon elèv patisipe poutèt li pa peye pou pwomnad la. Direktè/tris la kapab anile yon aktivite yo te prevwa oswa kanpe sou itilizasyon yon objè an patikilye, baze sou mank koleksyon lajan, pou kouvri frè objè a oswa aktivite a. Rekèt sa a se pou yon pèman volontè.

*** Chak moun k ap transpòte elèv nan machin prive yo dwe kapab bay sipèvizè lekòl la ak paran /responsab elèv k ap monte machin nan prèv yo gen bon jan asirans pou machin nan si yo ta mande sa. Chofè volontè yo dwe genyen yon minimòm asirans tou dapre egzijans lwa Florid 627.736, epi konplete fòm PBSD 2362 pou Enfòmasyon sou Kondiktè Volontè.

+ Dekri sikonstans oswa lè elèv yo p ap anba sipèvizyon estaf lekòl la oswa paran, byenke sipèvizè adilt yo ap prezan. Nou ankouraje paran yo pou poze nenpòt kesyon sou sipèvizyon nan pwomnad la.

SEKSYON II - APWOBASYON PARAN /RESPONSAB YO

Non Elèv la (Siyati, Prenon, Inisyal dezyèm prenon)		Adrès Kay Elèv la			
# Telefòn Kay la	# Telefòn Biznis	# Telefòn Pòtab	# Telefòn pou ka ijan		
Non Doktè a	# Telefòn Doktè a	Nivo Kapasite Elèv la nan Naje (si li aplikab) <input type="checkbox"/> Pa konn Naje <input type="checkbox"/> Debitan <input type="checkbox"/> Bon Naje			
Lòt enfòmasyon sou elèv la (alèji, medikaman, etc., atachman PBSD 2649)					Repa <input type="checkbox"/> Paran bay <input type="checkbox"/> Lekòl bay

Mwen ak pitit mwen an dakò pou nou respekte tout règleman ak mezi prekosyon ki gen rapò avèk aktivite pwomnad sa a. Mwen konnen gen risk nou pa kapab evite pandan vwayaj sa a. Mwen konprann aktivite pwomnad sa a kapab enplike kèk kondisyon, danje, risk ki gen rapò avèk sa ki asosye avèk metòd vwayaj ki pi wo a osinon avèk sa ki gen rapò avèk lokal oswa kote pwomnad la pral fèt la oswa menmsi danje a se yon bagay moun wè, evidan oswa inapèsi. Mwen satisfè dèske mwen jwenn repons tout kesyon. M ap patisipe nan aktivite sa yo pou bon plezi m san moun pa fòse m. Siyati m konfime mwen te jwenn enfòmasyon sou posiblite danje ki asosye avèk pwomnad pitit mwen an pral ladan l lan. Distri lekòl la admèt pou l andose responsablite l pou sa ki ta kapab rive akòz neglijans li dapre limit Seksyon 768.28, Lwa Florid. Dapre lwa Florid ki anvigè koulye a, Komite Dirijan lekòl la pa responsab pou neglijans chofè ki volontè. Anplis, mwen dakò pou m pran responsablite pou nenpòt aksyon neglijans, volontè, oswa entansyonèl pitit mwen an fè epi kòm rezilta mwen garanti ak pwomèt pou m pa rann Distri Lekòl la responsab pou depans, domaj ak frè avoka yo. Nan ka ta gen yon ijans, n ap rezonabman fè tantativ pou kontakte paran an. Sa p ap anpeche moun kap bay swen medikal la, nan ka ijan an, aji nan meyè enterè timoun nan. **Mwen bay otorizasyon pou yo bay pitit mwen an swen medikal si ta gen aksidan oswa ka maladi pandan pwomnad sa a.**

Tcheke la a si elèv la gen yon alam medikal.

Siyati Elèv ki Emansipe

Dat

Siyati Paran/Responsab

Dat

Signature of Parent/Guardian

Dat